

Chè Pasyan,

Pou konplete aplikasyon pou èd finansye ou an, nou pral bezwen pou ou mete avèk aplikasyon ou an dokiman sipò ki annapre la yo:

- ❖ **ID ki gen Foto**
- ❖ **Rezidans nan Florid: 2 Fòm Obligatwa**
- ❖ **Prèv Revni pou Pasyan an ak Konjwen li**
- ❖ **Relve bank: kopi 3 relve ki pi resan yo pou tout kont ki nan non pasyan an ak nan non konjwen li.**  
(Gen ladan kont chèk, epay, kredi inyon, mache monetè, eksétera)  
**\*\*Tanpri mete yon esplikasyon pou tout depo ki pa yon depo dirèk.\*\***
- ❖ **Envestisman/fon retrèt: prèv valè aktyèl IRA yo, 401K yo, estòk, aksyon, CD, eksétera pou pasyan an ak konjwen li**

Gen yon lis pou referans ou pou dokiman akseptab yo.

On fwa nou resevwa aplikasyon ou an, nou pral kòmanse pwosesis egzamen aplikasyon an epi kontakte ou avèk mizajou si nou bezwen enfòmasyon anplis.

**Enfòmasyon pou Kontak:**

*Pou Nouvo Pasyan yo:*

813-745-8422 opsyon #1

FAKS: 813-745-3792

[newpatientfa@moffitt.org](mailto:newpatientfa@moffitt.org)

*Pasyan Etabli yo:*

813-745-8422 opsyon #1

FAKS: 813-449-8812

[establishedpatientfa@moffitt.org](mailto:establishedpatientfa@moffitt.org)

**Adrès Postal:**

12902 Magnolia Drive

Business Office CB-PFS

Tampa, FL 33612

Pou facilite ou, nou gen biwo dafè ki sitye nan tout etablisman kote ou ka depoze aplikasyon ou an ak dokiman sipò ou yo.

### Dokiman ki Akseptab yo

#### Idantifikasiyon

- Lisans Chofè
- Kat Idantite ki gen Foto
- Kat ID Elèv ki gen Foto
- Kat ID Anplwaye ki gen Foto
- Kat ID Chèltè pou Sanzabri
- Dokiman Imigrasyon
- Kat ID Militè oswa Depandan

#### Rezidans nan Florid (2 Fòm Obligatwa)

- Lisans Chofè Florid oswa Kat ID Eta Florid ki valab epi ki ajou
- Resi ipotèk, kontra lwave aktyèl, peman lwave, oswa lèt yon mèt kay
- Deklarasyon taks ki pi resan oswa lèt IRS pou pa fè taks
- Prèv pwopriyete kay nan Florid
- Dokiman egzansyon Homestead
- Bòdwo sèvis publik pou yon adrès nan Florid ki gen non kandida a oswa konjwen li (Kab pa ladan)
- Kat enskripsyon votè Florid
- Prèv enskripsyon timoun kandida a nan yon lekòl Florid
- Rezidans dokimante pa mwayen yon ajans sèvis sosyal
- Verifikasyon alekri ki soti nan yon ajans kominotè
- Kourye anile ki soti nan yon ajans federal, Eta, oswa ajans konte ki adrese bay kandida a oswa konjwen li
- Verifikasyon ki soti nan biwo lapòs pou kourye ke kandida a oswa konjwen li resevwa nan yon adrès rezidansyèl nan Florid. (Dwe prèv rezidansyèl, li pa dwe bwat postal)
- Idantifikasiyon Chèltè pou Sanzabri nan Eta Florid

#### Revni

- Deklarasyon taks sou revni konplè pou ane anvan an (Tout paj yo obligatwa)
- Lèt IRS ki endike taks pa fèt, si pa gen yon deklarasyon taks ki te soumèt
- Si w ap travay, souch peman ki pi resan avèk enfòmasyon sou revni depi kòmansman ane a (YTD) (Si YTD pa endike, 4 souch peman pi resan yo obligatwa)
- Lèt otorizasyon avantaj Sekirite Sosyal
- Lèt otorizasyon avantaj andikap alontèm oswa akoutèm oswa souch peman resan avèk YTD
- Lèt otorizasyon Avantaj Veteran oswa souch peman resan avèk YTD
- Lèt otorizasyon avantaj Konpansasyon Travayè oswa souch peman resan avèk YTD
- Lèt otorizasyon avantaj Chomaj oswa souch peman resan avèk YTD
- Lèt otorizasyon Pansyon oswa Retrèt oswa souch peman avèk YTD
- Sipò Timoun/Alimoni (Si tribinal la te bay lòd, prèv ki soti nan Inite Dekèsman Estanda a obligatwa)
- Revni envestisman/Revni lwave (kontra oswa akò lwave)

#### Byen

- Relve Bank (Tout paj 3 dènye mwa yo obligatwa pou tout kont yo)
- Relve Mache Monetè (Tout paj 3 dènye mwa yo obligatwa)
- Relve Aksyon/ Bon (ki pi resan)
- CD (Sètifikasi epay, relve ki pi resan)
- Fidisi (Trust Fund)
- Fon Retrèt (IRA/401K/403B, relve ki pi resan)

## APLIKASYON POU ASISTANS FINANSYE

**NON PASYAN AN:**

DOSYE MEDIKAL #:

### I. PATI RESPONSAB

NON FANMI	PRENON	DEZYÈM PRENON	ETA SIVIL	# SEKIRITE SOSYAL
ADRES RI				
VIL	ETA	KÒD POSTAL	KONBYEN TAN NANADRÈS SA A?	TELEFÒN LAKAY
NON ANPLWAYÈ A AK ADRÈS LI				DIRE TRAVAY LA
POZISYON/TIT		REVNI MANSYEL \$	PERYOD PEMAN	
LÒT TRAVAY				DEZYÈM REVNI MANSYÈL \$

### II. MARI OSWA MADANM

NON	Dat Nesans
NON ANPLWAYÈ A AK ADRÈS LI	DIRE TRAVAY LA
POZISYON/TIT	REVNI MANSYEL \$
LOT TRAVAY	DEZYEM REVNI MANSYÈL \$

### III. ENFÒMASYON SOU KAY LA (TOUT MOUN KI NAN KAY LA)

NON	Dat Nesans	RELASYON	DEPANDAN SOU TAKS?
<b>TOUT MOUN KI NAN KAY LA:</b>			

**IV. REVNI MANSYÈL PASYAN AN PA RESEVWA**

REVNI SSA/SSI	\$	ANDIKAP LONTÈM / ANDIKAP KOUTÈM	\$
PANSYON	\$	REVNI ENVESTISMAN/LWAYE	\$
ANWITE	\$	DIVIDANN/ENTERÈ	\$
KONPANSASYON CHOMAJ/KONPANSASYON TRAVAYÈ	\$	VETERAN	\$
PANSYON ALIMANTÈ POU TIMOUN/PANSYON ALIMANTÈ	\$	LÒT	\$
<b>TOTAL REVNI MANSYÈL OU PA RESEVWA:</b>	<b>\$</b>		

**V. REVNI PANSYÈL MADANM/MARI A PA RESEVWA**

REVNI SSA/SSI	\$	ANDIKAP LONTÈM/KOUTÈM	\$
PANSYON	\$	REVNI ENVESTISMAN/LWAYE	\$
ANWITE	\$	DIVIDANN/ENTERÈ	\$
KONPANSASYON CHOMAJ/KONPANSASYON TRAVAYÈ	\$	VETERAN	\$
PANSYON ALIMANTÈ POU TIMOUN/PANSYON ALIMANTÈ	\$	LÒT	\$
<b>TOTAL REVNI MANSYÈL OU PA RESEVWA:</b>	<b>\$</b>		

**VI. REVNI MANSYÈL**

REVNI MANSYÈL PATI KI RESPONSAB LA	\$		
REVNI MANSYÈL MARI/MADANM LAN (Si li aplikab)	+	\$	
TOTAL REVNI MANSYÈL OU PA RESEVWA	+	\$	
<b>REVNI MANSYÈL TOTAL</b>	=	<b>\$</b>	

**VII. BYEN (AN DOLA)**

KONT KOURAN(YO)	\$	CD(S)	\$
KONT EPAY(YO)	\$	LÒT	\$
ENVETISMAN/IRA	\$		
<b>TOTAL BYEN:</b>	<b>\$</b>		

**ENKONPLÈ OSWA GENYEN FWOD  
YO PRAL REFIZE APLIKASYON YO**

Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon pou asistans finansye a se yon reprezentasyon egzat epi se vrè reprezentasyon sitiyasyon finansye mwen. Mwen otorize Moffitt Cancer Center pou verifye enfòmasyon ki nan dokiman sa a, ki genyen ladan, men pa limite sèlman ak, travay, dosye bankè, sekirite sosyal, ak pwoteksyon asirans sante. Mwen konprann ke si mwen bay fo enfòmasyon sa pral lakoz yo refize aplikasyon an pou nenpò kalite asistans finansye nan Moffitt Cancer Center. Si mwen pa rive ranpli aplikasyon pou Asistans Finansye a, ki genyen ladan bay dokimantasyon sipò, nan tout entegralite l nan lespas 30 jou sa pral lakoz nan refi asistans finansye yo. Mwen konprann ke yon konseye finansye kapab kontakte m pou diskrite sou aplikasyon mwen an epi mwen ka oblige soumèt lòt dokiman anplis. Mwen konprann ke mwen rete responsab pou balans eksepsyonèl pandan y ap revize aplikasyon mwen an epi sizoka mwen ta awpouwe pou asistans finansye pasyèl.

**DAT/ SIYATI:** \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

RELASYON SI li DIFERAN DE PASYAN AN:

## APÈSI PWOGRAM ASISTANS POU MEDIKAMAN

Pasyan ki pa kapab peye medikaman yo epi ki te apwouve pou Pwogram Asistans Finansye Moffitt la (Finansman Charite) gen opsyon tou pou aplike pou resevwa asistans nan pwogram asistans kont dwòg patwone pa divès kalite manifikirè medikaman ("Pwogram"). Anjeneral, Pwogram yo ede pasyan ki kalifye yo konprann pwoteksyon asirans yo ak opsyon sipò finansye pou medikaman yo epi yo ka bay asistans kopeman medikaman ak/oswa asistans medikaman gratis. Si ou swete aplike pou Pwogram yo, ou genyen opsyon pou otorize Moffitt aplike pou ou. Pou aplike sou demann ou, Moffitt ap bezwen pataje enfòmasyon pèsonèl ou yo avèk divès fabrikan medikaman yo pou detèmine si ou kalifye pou Pwogram yo. Si ou vle otorize Moffitt aplike pou Pwogram yo sou demann ou, ou dwe ranpli epi siyen konsantman volontè a ak otorizasyon ki endike anba a.

## OTORIZASYON VOLONTÈ & KONSANTMAN POU ENSKRIPSYON NAN PWOGRAM ASISTANS POU MEDIKAMAN PA MOFFITT

Mwen konprann ke anvan mwen kapab resevwa asistans nan Pwogram yo, Pwogram yo pral bezwen jwenn, revize, itilize, ak pataje enfòmasyon pèsonèl mwen yo pou detèmine si mwen kalifye pou Pwogram yo. Enfòmasyon pèsonèl sa yo genyen ladan, san limit:

1. Enfòmasyon sou kontak ou ak dat nesans ou bay Moffitt;
2. Nimewo Sekirite Sosyal ou bay Moffitt
3. Enfòmasyon pwofesyonal ou ak enfòmasyon sou anplwa ou bay Moffitt;
4. Enfòmasyon finansye ak enfòmasyon sou revni ou bay Moffitt;
5. Enfòmasyon sou asirans sante ou;
6. Dosye sante ou ak enfòmasyon, ki genyen ladan medikaman; ak
7. Enfòmasyon biyometrik ak jenetic ou, ki genyen ladan tès ki idantifye ki kalite maladi ou genyen ak/oswa medikaman ki endike pou tretman ou (kolektivman ak endividiyèlman "Enfòmasyon Pèsonèl").

Se poutèt sa mwen otorize epi otorize Moffitt ak ajan otorize li yo pou aplike sou demann mwen nan Pwogram yo, ranpli tout aplikasyon ki nesesè pou Pwogram yo, epi pataje enfòmasyon pèsonèl mwen bay divès kalite fabrikan medikaman ak ajan otorize yo, reprezantan yo, administratè yo, anplwaye yo, ak kontraktè (kolektivman "Administratè Pwogram yo") pou kapab verifye kalifikasyon m pou enskri nan Pwogram yo, pou ede idantifye Pwogram mwen kapab kalifye pou li, ak pou enskri m nan Pwogram mwen kalifye pou yo a.

Epitou mwen otorize Pwogram ak Administratè Pwogram yo pou: (i) pataje enfòmasyon pèsonèl mwen youn ak lòt epi ak doktè mwen yo, famasyen yo, ak lòt founisè swen sante yo, menm jan ak Medicare, plan sante mwen, ak administratè yo, kontraktè, oswa reprezantan, pou kowòdone avantaj mwen yo, bay sipò ranbousman, ak mennen ankèt sou pwoteksyon asirans mwen an; ak (ii) pou pataje epi itilize enfòmasyon pèsonèl mwen pou asire konfòmite avèk règleman Pwogram yo.

Menm si fason yo prevwa itilize enfòmasyon pèsonèl mwen yo se pou rezon ki dekri nan otorizasyon sa a, mwen konprann tou ke enfòmasyon pèsonèl ki pataje daprè otorizasyon sa a, yon fwa yo pataje, pa kapab pwoteje ankò pa Iwa federal sou vi prive a. Mwen konprann ke mwen kapab anile otorizasyon sa a nenpòt lè pandan m ap kontakte Ekip Asistans FCU Copay pa imèl nan [FCUCopayAssistance@moffitt.org](mailto:FCUCopayAssistance@moffitt.org) oswa pa telefòn nan 813-745-7300 opsyon 2. Mwen konprann ke avèk anilasyon otorizasyon mwen an, sa pral vle di ke Moffitt, Pwogram yo, ak Administratè Pwogram yo pa ka konte sou otorizasyon pou yo itilize oswa divilge enfòmasyon pèsonèl mwen, men nenpòt itilizasyon oswa pataj enfòmasyon sa yo ki rive anvan yo resevwa epi trete anilasyon mwen, p ap afekte pa anilasyon mwen an.

Mwen konprann ke si mwen pa anile otorizasyon sa a, otorizasyon an pral ekspire yon (1) lane apati dat siyati mwen an anba a. Mwen konprann ke mwen gen dwa resevwa yon kopi otorizasyon sa a yon fwa li siyen. Epitou mwen konprann ke sizoka mwen kalifye pou yon Pwogram(yo), mwen kapab bezwen re-aplike pandan chal peryòd epi siyen yon otorizasyon similè nan kad re-aplikasyon sa a.

Mwen sètifye ke enfòmasyon pèsonèl mwen te bay Moffitt yo se laverite epi yo konplè, epi mwen konprann ke Moffit pral bay Program yo enfòmasyon pèsonèl sa yo. Mwen dakò ke, nenpòt lè pandan patisipasyon mwen nan nenpòt Pwogram, Moffitt kapab mande lòt dokiman pou verifye enfòmasyon pèsonèl mwen yo. Si genyen enfòmasyon ki manke oswa mwen pa reponn ak demann pou lòt dokiman anplis, patisipasyon mwen nan Pwogram nan (yo) ka retade oswa mwen kapab pa ka patisipe ankò. Si mwen kalifye pou epi mwen resevwa asistans kopeman, asistans medikaman gratis, oswa nenpòt lòt asistans nan Pwogram yo, mwen dakò pou m respekte tout règleman Pwogram kote mwen resevwa asistans lan. Epitou mwen dakò ke mwen p ap resevwa ranbousman pou asistans Pwogram mwen resevwa nan men nenpòt lòt moun, ki gen ladan nan yon pwogram asirans, yon lòt òganizasyon charite, oswa nan yon ekonomi sante, depans fleksib, oswa lòt kont ranbousman sante. Mwen konprann ke asistans sa kapab tanporè. Mwen pral kontakte Moffitt si asirans oswa tretman mwen an chanje nan nenpòt fason. Epitou mwen konprann ke mwen kapab refize siyen otorizasyon sa a epi si mwen refize, elijiblite mwen pou avantaj plan sante ak tretman pa founisè swen sante mwen yo ap chanje, men mwen pa pral genyen aksè nan Pwogram yo.

**Lè mwen tcheke bwat "Konsantman & Otorizasyon" ki anba a, mwen dakò epi mwen rekonèt ke mwen te li epi mwen konprann otorizasyon ak konsantman volontè sa a, epi mwen otorize Moffitt atravè ajan otorize li yo pou konplete epi soumèt aplikasyon pou Pwogram nan sou demann mwen pandan y ap itilize enfòmasyon pèsonèl mwen yo. Mwen konprann ke yo ka jwenn enfòmasyon pèsonèl sa yo nan men mwen, doktè Moffitt mwen an ak lòt founisè swen yo, dosye medikal Moffitt mwen, plan sante mwen yo, ak nan lòt sous. Mwen konprann ke aplikasyon nan Pwogram yo volontè epi si mwen refize aplike, elijibilite mwen pou avantaj plan sante ak tretman pa founisè swen sante mwen ap chanje, men mwen p ap genyen aksè nan Pwogram yo.**



Konsantman & Otorizasyon

Siyati Pasyan an